

Konstwi Karyè Yon Moun Alafwa



Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl (Vocational Rehabilitation, VR) ede moun ki kalifye ki gen andikap fizik oswa mantal jwenn oswa konsève yon pi bon travay.

Sèvis Reyadaptasyon Pwofesyonèl

VR ofri divès sèvis ki ap ede moun ki gen andikap fizik oswa mantal jwenn karyè ki enteresan.

Egzanp Sèvis VR ofri:

- Evalyasyon ak Planifikasyon Pwofesyonèl
- Konsèy ak Oryantasyon Pwofesyonèl
- Ankadreman Pwofesyonèl
- Plasman Pwofesyonèl
- Fòmasyon nan Espas Travay
- Fòmasyon ak Ansèyman Aprè Lekòl Segondè
- Evalyasyon Espas Travay ak Lojman
- Sèvis Travay Asiste ak Pèsonalize
- Teknoloji ak Aparèy Èd
- Evalyasyon Medikal ak Sikolojik
- Tretman Medikal ak/oswa Sikolojik ki Limite nan Tan

Kilès ki Kalifye pou Sèvis Reyadaptasyon Pwofesyonèl?

Ou kapab kalifye pou sèvis VR si objektif ou se vin yon anplwaye epi:

- Ou gen yon andikap fizik oswa mantal
- Andikap ou a se yon gwo baryè ki anpeche w travay
- Ou bezwen sèvis VR pou w jwenn oswa konsève yon travay

Si ou benefisyè Social Security Disability Insurance (Asirans Andikap Sekirite Sosyal, SSDI) oswa Supplemental Security Income (Revni Sekirite Konplemantè, SSI) pou andikap ou a epi ou konte vin yon anplwaye, ou ta sipoze kalifye pou sèvis VR.



Sèvis Tranzisyon Avan Travay

Ede elèv ki gen andikap prepare yo pou yon karyè, kontinye etid yo oswa jwenn yon travay lè yo fini nan segondè. Elèv gen posiblite pou patisipe nan oryantasyon pwofesyonèl, fòmasyon pou prepare yo pou travay ak eksperyans travay entegre pandan yo lekòl.



Sèvis Travay Jeneral

Sèvis travay jeneral ede yon moun ki gen andikap prepare l pou li jwenn, konsève oswa rejwenn yon travay ki koresponn ak pwen fò li, ak kapasite ak enterè li (pa egzanp, oryantasyon ak konsèy, fòmasyon, sèvis plasman).



Sèvis Travay Asiste

Ede jèn oswa granmoun ki gen pi gwo andikap yo jwenn oswa konsève yon pi bon travay. Sèvis yo endividalize epi yo koresponn ak fòs, kapasite ak enterè moun nan an patikilye ak chwa eklere li. Gen divès sèvis sipò ki disponib (pa egzanp, ankadreman pwofesyonèl, fòmasyon pou devlope konpetans).



Pwogram Tikè pou Ou Travay

Pwogram Social Security Administration (SSA) disponib pou moun ki ap viv Florida ki gen ant 18 a 64 lane ki kalifye pou avantaj sekirite sosyal epi ki vle travay. SSA bay tikè epi ou kapab remèt tikè a bay nenpòt patisipan nan rezo travay, tankou VR. Patisipan sa yo ofri sèvis travay ak reyadaptasyon pou ede moun ki gen tikè jwenn oswa konsève yon pi bon travay epi vin pi endepandan pandan yo kontinye konsève Medicare oswa Medicaid yo a. Pwogram sa a gratis epi li volontè.

Sèvis ak Pwogram Reyadaptasyon Pwofesyonèl



Moun ki Soud, Moun ki Tande Di ak Moun ki Soud epi ki Avèg

VR ofri sèvis bay moun ki kalifye ki gen pwoblèm pou tande tankou Moun ki Soud, Moun ki Tande Di oswa Moun ki Soud epi ki Avèg. VR ofri moun nan èd, sipò ak fòmasyon nan nivo konpetans. VR ofri patwon konsiltasyon tou pou ede moun jwenn oswa konsève yon pi bon travay.

Kouman pou Mwen Aplike?

- Kontakte yon Biwo Reyadaptasyon Pwofesyonèl lokal pa telefòn, imèl oswa an pèsòn.
- Ale sou [Rehabworks.org](http://www.rehabworks.org) sou <http://www.rehabworks.org/docs/VRreferral.rtf>. Ranpli rekòmasyon an epi voye li bay biwo lokal ou a.
- W ap jwenn biwo lokal ou a sou http://www.rehabworks.org/office_directory.shtml.
- Voye rekòmasyon ou an bay biwo lokal ou a pa imèl oswa faks.



850-245-3399
800-451-4327



VREmploymentPrograms@
vr.fldoe.org



www.RehabWorks.org



Division of Vocational Rehabilitation
Employment Programs
325 W. Gaines St., Suite 1144
Tallahassee, FL 32399-0400

Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl Vocational Rehabilitation, VR) se yon patwon ki respekte prensip egalite chans. Li ilegal pou VR, kòm benefisyè èd finansye federal, diskrimine moun nan Etazini sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, afilyasyon politik oswa konviksyon. Pwosesis aplikasyon VR itilize pou detèmine kalifikasyon pou sèvis la, tout sèvis ann aprè ak tout pwosesis VR la koube anba egzijans zewo diskriminasyon sa yo. Gen èd ak sèvis èd ki disponib sou demann pou moun ki gen andikap. Pwogram VR resevwa 78.7 pousan nan finansman li apati yon sibvansyon Depatman Edikasyon Ameriken an. Pou ane fiskal federal 2020 an, montan total sibvansyon yo bay yo te rive \$153,000,001. Kredi Eta Florida te finance rès 21.3 pousan nan pri a (\$41,409,148). Yo revize li ann oktòb 2020.